Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (62 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (62 KB)

# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı



A’lewov Ma’xset Sharibaevich

## Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha orınbasarı



| | |
|---|---|
| **Ma`nzil** | No`kis qalası G`a`rezsizlik ko`shesi 50-jay |
| **Telefon:** | 0 (361) 2220551 |
| **E-xat:** | m.alewov@exat.uz |
| **E-mail:** | info@sovminrk.gov.uz |
| **Qabıllaw ku`nleri:** | Sa`rshembi saat 10:00 - 12:00 |



**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı**

**Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha Kompleks basshısının` funktsyalıq wazıypaları haqqında**

**REJE**

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı

– Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha Kompleks basshısının` funktsyalıq wazıypaların belgileydi.

2.  Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı– Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha Kompleks basshısı (keyingi orınlarda Kompleks basshısı dep ataladı) o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstituttsiyaları ha`m nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları, qarları menen biyliklerine, Ministrler Kabinetinin` qaraları ha`m biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarına, Joqarg`ı Ken`estin` qararlarına ha`m biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

3. Kompleks basshısı komplesktegi jumıslardın` jag`dayı ushın juwap beredi, tiyisli ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının`, sho`lkemlerdin` jumısın muwapıqlstıradı ha`m qadag`alaydı.

4. Kompleks basshısının` jumısı milletleraralıq tatıwlıqtı, diniy ken`peyillikti ta`miyinlew ha`m bunan bılay da bekkemlew ja`ne diniy-ekstremistlik ideologiyalardın` tarqalıwına jol qoymaw boyınsha ilajlardı a`melge asırıwg`a, A`dillik ministrligi menen birgelikte ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` O`zbekstan Respublikası nızam hu`jjetleri talaplarına a`mel etiliwin ta`miyinleydi.

5. Kompleks basshısı statusına bola Qaraqalpaqstan Respublikası Hu`kimetinin` ag`zası esaplanadı ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Preziudiumı quramına kiredi.

Kompleks basshısı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi ha`m onın` Prezidium ma`jilislerinde tikkeley qatnasadı.

**2-bap. Kompleks basshısının` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

6. To`mendegiler Kompleks basshısının` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

orınlardag`ı tiyisli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımları, ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` jumısın muwapıqlastırıw ha`m olar menen birge islesiw, diniy ken`peyillikti ha`m milletleraralıq tatıwlıqtı bunnan bılay da bekkemlew ilajların a`melge asırıw, diniy-ekstremistlik ideologiyanın` ha`m missionerlik ha`reketinin` tarqalıwına tosqınlıq etiw;

elde ha`r qıylı puqaralıq ja`miyeti institutların, ba`rinen burın, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdi bunnan bılay da rawajlandırıw, eldi demokratiyalastırıwda ha`m modernizatsiyalawda olardın` rolin ha`m a`hmiyetin ku`sheytiw;

orınlardag`ı ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lekemler jumısı u`stinen kompleksli monitoringti sho`lkemlestiriw, ma`mleketlik ha`kimiyat jergilikli uyımlarının` ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemler ha`m basqa da puqaralıq ja`miyeti institutları menen birge islesiwin na`tiyjeli sho`lkemlestiriwge, sonday-aq, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdi regiondı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw bag`darlamasın a`melge asırıwg`a tartıwg`a ko`meklesiw;

O`zbekstan Respublikası A`dillik ministrligi menen birgelikte ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` O`zbekstan Respublikası nızamshılıg`ı talaplarına a`mel etiliwin ta`miyinlew;

orınlardag`ı ma`mleketlik ha`kimiyattın` tiyisli uyımları, ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` ma`deniy miyras ob`ektlerin saqlaw ma`seleleri boyınsha o`z-ara awızbirshiligin ta`miyinlew;

«Nuraniy» ha`m «Ma`ha`lle» ja`miyetlik sho`lkemlerinin` jumısın muwapıqlastırıw ha`m olarg`a ha`r ta`repleme a`meliy ja`rdem beriw;

«Haj» ha`m «Umra» ilajların sho`lkemlestiriwde jerilikli ma`mleketlik, ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` jumısın muwapıqlastırıw.

7. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalarg`a muwapıq:

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatının` tiyisli xızmetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` jumısı tarawı boyınsha o`z-ara birge islesedi;

Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha sekretariyatına tikkeley basshılıq etedi, ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımları ha`m basqa da sho`lkemlerdin` diniy ekstremizmnin` ha`m missionerliktin` aldın alıw, milletleraralıq tatıwlıqtı bunnan bılay da bekkemlew boyınsha jumısın muwapıqlastıradı ha`m qadag`alaydı;

o`zin-o`zi basqarıw uyımlarının` jumısın muwapıqlastırıp baradı ha`m xalıq arasında diniy ekstremizmnin` ha`m missionerliktin` aldın alıw boyınsha ilajlardı sho`lkemlestiredi;

Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs islep atırg`an ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin` regionallıq strukturalarının` jumısına ko`meklesedi, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımları menen o`z-ara birge islesiwin ta`miyinleydi;

Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha sekretariyatı baslıg`ın qayta tayarlaw, onın` mamanlıg`ın arttırıw, xoshametlew ha`m olarg`a qarata ta`rtiplik jaza ilajların qollanıw haqqında usınıslar kirgizedi;

8. Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı basshılıq etetug`ın komissiyalar (ken`esler)dın` jumısın, sonday-aq, olardın` qararlarının` orınlanıwın sho`lkemlestiriw boyınsha qadag`alawdı ta`miyinleydi.

**3-bap. Kompleks basshısının` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

9. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m tayarlaw ushın za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarınan ha`m basqa da uyımlar menen sho`lkemlerden belgilengen ta`rtipte soraw ha`m alıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ma`mleketlik atqarıwshı ha`kimiyat uyımları, basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler basshıları menen wa`killerinin` qatnasıwında ma`jilisler o`tkeriw;

juwapkershilik ju`klengen kollegiyalıq uyımlarının` ma`jilislerinde, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmaları boyınsha ma`mleketlik ha`m basqa da uyımlardın`, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` Kompleks basqaratug`ın tarawg`a kiretug`ın ma`seleler boyınsha o`tkeriletug`ın ma`jilisleri menen jıynalıslarında qatnasıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ilimiy ma`kemeleler ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshıları menen wa`killerin Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw ushın belgilengen ta`rtipte tartıw, tiyisli ma`seleler boyınsha waqtınsha jumısshı toparlar du`ziw;

«Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikası nın` Nızam talapları buzılg`an jag`dayda tu`setug`ın hu`jjetlerdi qaytarıw.

Kompleks basshısının` za`ru`r materiallardı, mag`lıwmatlardı usınıw, sonday-aq, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları, qararları ha`m biylikleri, Ministrler Kabinetinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları ha`m biylikleri joybarların puqta islep shıg`ıw boyınsha talapları menen tapsırmalarının` belgilengen mu`ddetlerde orınlanıwın ta`miyinleydi.

10. Kompleks basshısı:

o`zine ju`klengen wazıypalardın` talap da`rejesinde ha`m sapalı orınlanıwın ta`miyinleydi;

O`zbekstan Respublikasının`, Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi qararları menen basqa da hu`jjetlerinin`, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları, qararları, biylikleri menen tapsırmalarının`, Hu`kimet qararları menen biyliklerinin`, Ministrler Ken`esi basqarıw tapsırmalarının` Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler kompleksinin` quramına kiretug`ın sho`lkemler ta`repinen belgilengen ta`rtipte o`z waqtında ha`m sapalı orınlanıwın ta`miyinleydi.

Ministrler Kabinetinin` «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları haqqında»g`ı 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` bekkemleniwi ushın juwap beredi.

**4-bab. Kompleks basshısının` jumısın sho`lkemlestiriw**

11. Kompleks basshısının` isleri «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin`, O`zbekstan Respublikası Bas ministrinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıqlarının` tapsırmalarına muwapıq, sonday-aq, Miistrler Ken`esinin` rejeleri ha`m Ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler menen baylanıslar boyınsha kompleksinin` is rejesi tiykarında sho`lkemlestiriledi.

13. Kompleks basshısının` O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti parmanlarının`, qararları menen biyliklerinin`, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti qararları menen biyliklerinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` ha`m Hu`kimet qararlarının` juwpkershilik ju`klenetug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarında, sho`lkemlerde, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarında a`melge asırıwdın` sistemalı monitoringin ta`miyinlew boyınsha jumısı Ministrler Ken`esinin` is rejesine, sonday-aq, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq komleksli u`yreniwlerdi a`melge asırıw jolı menen, Ministrler Ken`esinin` Prezidiumı ma`jilislerinde ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler kompleksinin` esapların tın`lag`an halda sho`lkemlestiriledi.

**5-bap. Kompleks basshısı ta`repinen jumısları sho`lekemlestiriletug`ın komissiyalar ha`m ken`esler**

«Huqıqıy-demokratiyalıq ma`mleket tiykarların bekkemlew», sotsiallıq-ruwxıylıq jag`daydı bunnan bılay da jaqsılaw, diniy fundamentalizmnin` aldın alıw boyınsha ilajlar Bag`darlaması»n a`melge asırıwdı muwapıqlastırıw ha`m sho`lkemlestiriw boyınsha komissiyası.

Ministrler Ken`esi janındag`ı «Haj» ha`m «Umra» ilajların sho`lkemlestiriw ha`m o`tkeriw Kollegiyası.

Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı milliy-ma`deniy oraylardın` jumısın muwapıqlastırıwshı Ken`es.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*